

IJAMBO RY'IMISA YO GUKENGURUKIRA IMANA K'UBUSASERDOTI BUSUKU

BanyakwubahwaNitugire Kristu... !!!

Ijambo ngira nshikirize riri mu mice itatu :

- Gukenguruka ;
- Ingene umuhamagaro wanje wagenze ;
- Gusaba.

1. Gukenguruka

Uyu mwaka warabayemwo ibintu vyinshi biteye ubwoba, mbere vyari gutuma ibirori vy'ukwatira canke gusoma imisa yo gukengurukira Imana biba ata bantu benshi bakoranye. Hari ibihomoka vyahitanye abantu cane cane aho haruguru iwacu, abantu barapfa, imirima iratwarwa n'amazu arabomagurika. Ivyo biheze corona iti nakubonye, n'ivyo biheze umuvyeyi wanje aca yinjira ibitaro mbere aranahakwa. Rero uno musu, kuri we, ni umusu mukuru wo gukengurukira Imana kuko yakize.

- Ndakengurukiye rero **Se W'Umukama wacu Yezu-Kristu** yadusimbije ayo makuba ! Twarashoboye guhimbaza ivyo birori neza. Nkamukengurukira gose ko yashimye kunyinjiza mu Busaserdoti bw'Umwana wiwe Yezu-Kristu kuko hari umusaserdoti umwe kandi w'intahava Yezu-Kristu. Si uko narindabikwiye, haba namba ! Nka Bikira Mariya, ni **Rugiravyose yangiriye ibitangaro**. Nta ciza cari i Mubungo cari gutuma atora jewe.
- Ndakengurukiye **abavyeyi banyibarutse**, bakandera, bakampa ivya nkenyerwa, bagatubika umukanda kugira ngo nige ; bakongera bakanderera mu ndero Rukristu. Mw'itorwa ryanje baragize uruhara runini nk'uko nza ku bigarukako.
- Ndakengurukiye bimwe vy'umwihariko **abigisha bandeze kuva mu mashure y'intango mbere n'ayisumbuye**. Benshi mbere ni abayobozi b'amashure bari ngaha. Banfashije vyinshi eka mbere no muri runo rubanza bafashije. Umuhamagaro naho nari kuba ndawufise, ntafise ubwenge ntivyari gukunda. Mbere narorohewe no kwiga mw'iseminari kubera ubwenge nakuyeyo. Nagiyeyo mfise ubwoba bwinshi ariko nta ngorane z'ivyirwa nagize cane.

- Ndakengurukiye kandi **Umwungere wacu we** yakiriye icupfuzo canje co kuja mw'iseminari akongera akananyatira mw'iri banga.
- Abandi nokengurukira **n'abasaserdoti twagiye turabana mu maparuwasi** ; barankunze kandi bampa akarorero keza.
- Nkaba nkengurukiye vy'imvamutima abamfashije gutegura runo rubanza. Benshi baritanze gose kumwe ntoronka uko ndabivuga. Nkakengurukira cane cane namwe bashitsi mwanfashije kugira ngo sintambe nirodera. Mwese Umukana abahezagire kandi abakomeze!

2. Ingene ivy'umuhamagararo wanje wagenze.

Ihamagarwa ryanje ryahereye mu muryango:

- Kenshi papa yama asenga asaba Imana ko yomuronsa mu bana biwe umusaserdoti n'umubikira. ***Ndibuka mbere n'igihe kimwe yaje (jewe mbere nibaza ko ari utuyoga yanyoye), aradukoranya atera igisabisho avuga ati Mukama ndagusavye muri bano bahungu banje witorermwo uwokwihebera.*** Jewe nabona ko ivyo bitandaba, nkibaza ko muri abo, ari mukuru wanje yari yagiye mw'iseminari canke mutoyi wanje yari aciye ubwenge cane. Nabona ko ico gisabisho kitandaba!
- **Kuja mw'iseminari:** niho rero ndi muwa gatandatu yansabira kuja mw'iseminari mugabo nca ndananirwa na ca kibazo ca Leta (concours) mba ndatomboye! Umwaka wa kabiri nca ndonka ayo kuja mu buraro, hoho yambona gake. Ndiyigira gushika mu w'icumi, ivyo atavyo nibaza. Mugabo patiri Nestor NIHORIMBERE, arongoye Paroisse Cibitoke aradusaba kwandika ariko ndabiha agaciro gake.
- Ariko maze kwinjira mu mwaka w'icumi na rimwe, numva kenshi akajwi kaziriringa. Abo tugiriranira ibiyago ntangura kubabwira ko nzoba umupatiri nabo bakihera iryinyo. Ngeze muw'icumi na gatatu ndavuga **nti reka nje mu murwi w'itorwa (groupe vocationnel)**. Umusi njayo nsanga hariho amatora. Baca barantora mba umukuru mbere biranterera ubwoba. Nca ntangura gusoma udutabu tuvuga itorwa.
- Ikindi camfashije n'inyigisho twaronkeye i Murwi ku musi w'itorwa 2012. Patiri Nestor yaraturondereye abatwigisha mvaho numvise ko atacombuza kuja mw'iseminari Nkuru.
- Mugabo hageze kwandika, ndiyumvira ngo ndabihebe mugabo J. Paul yari umugenzi arambaza ko nzokwandika ndamwankira, nireguza vyinshi; nawe ambwira ati **“Ivyo bibazo vyose Yezu agutoye azobigukiza”**. Nca ndakaziba ndazirikana ivyo ambwiye.

- Nshitse muhira, umuvyeyi wanje nsanga yarabibwiwe na patiri Mukuru ko nasavye Iseminari nkuru, biramuhimbara cane gose. Mbere kuko nari ndwaye arandihira ivyankenerwa vyose. Kandi na patiri mukuru nawe nyene aradufasha cane gose.
- Maze gushika mw'Iseminari nkuru, ndagwara cane; mugabo ndavuga nti: "Sinova mw'Iseminari ntakoze n'ikibazo ngo ndabe uko bimeze". **Nkoze nsanga nayobewe mu vyigwa bibiri, ariko mu vyigwa vyose nkaba nari mfise amanota 72/100.** Nca nibwira nti : "Iseminari ntikwiye kuntera ubwoba". Nca ndivuzza ndabandanya neza ata kibazo, narinze mpeza ata zindi ngorane nsubiriye kugira nyinshi! Umukama naninahazwe imyaka yose!

3. Gusaba.

Kwitegurira iri banga birasaba kudacika intege. Kwirinda ibigusamaza no kumenya ico utegerezwa gukora. Uca usanga ari nzira yoroshe. Kandi ubiravye neza urabona ko utabandanya ku bw'inguvu zawe ariko ubishobozwa n'Umukama.

Rero urwaruka rwokwihata kwiga amashure menshi, ibibasamaza bakabiheba kugira umuhamagaro w'Umukama ugire aho ufatiye. Kuko utize n'aho woba ufise umuhamagaro ntivyokunda, nkako ubwenge buri muvyerekana ko wahamagawe.

Ubu ndatiwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti. Mukaba muzi ko ibanga riheberwa! Musabwe rero nk'uko bamwe babigize, kwama munsabira kugira mbe ico Umukama ashaka .

Bavukanyi, jewe mbye umusaserdoti wa kabiri muri iyi paruwase; hari haciye imyaka 17 uwa mbere yatiye. Mukumva ko ico gitigiri c'abapatiri ari gito cane gose, umuntu yihweje imyaka yari ihaciye. Dusabe Umukama yongereko abandi bomwihebera muri paroisse yacu ya Rugendo, kandi afashe abari mu nzira gushika amahoro.

Tugire Kristu!